



## **PWOSÈ VÈBAL REYINYON ADISTANS KOMITE LEKÒL BOSTON**

**27 Oktòb 2021**

Komite Lekòl Boston te reyalize yon reyinyon adistans nan dat 27 Oktòb 2021 a 5è p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt atik ki nan lis anba a, vizite [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee), imèl [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston an nan (617) 635-9014.

### **ASISTANS**

Manm Komite Lekòl la ki te prezan: Hardin Coleman (demare a 7:45 p.m.); Prezidan Jeri Robinson; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ak reprezan elèv yo Xyra Mercer.

Manm Komite Lekòl la ki te Absan: Ernani DeAraujo; ak Vis Prezidan Michael O'Neill.

### **DOKIMAN KI TE PREZANTE**

#### Ajanda

Pwosè Vèbal: 6 Oktòb 2021 Komite Reyinyon Lekòl Boston

Pwosè Vèbal: 12 Oktòb 2021 Retrè

Mizajou BuildBPS PowerPoint

Enpak Deklarasyon Sou Ekite BuildBPS

Mizajou aplikasyon Plan Estratejik PowerPoint Lan

Nòt Dr Charles Grandson

Mizajou Enpak Deklarasyon Sou Ekite Aplikasyon Plan Estratejik la

## ANONSE DEBI REYINYON AN

Prezidan Jeri Robinson te louvri reyinyon an nan lòd epi li te pwononse deklasyon fidelite a. Madam Sullivan te fè apèl nominal. Mesye DeAraujo ak Mesye O’Neill te absan. Madam Mercer te rive apre apèl la. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te fè konnen reyinyon aswè a ap difize an dirèk sou Zoom. Li pral redifize sou Boston City TV (TV Vil Boston). Li pral disponib tou sou [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou YouTube. Li te anonse sèvis entèpretasyon similtane disponib nan lang Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vè, Vyetnamyen, Kantonè, Mandarin, ak Lang Siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo prezante tèt yo epi yo bay enstriksyon nan lang manman yo sou fason pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtane lè yo chanje kanal Zoom lan. Dokiman reyinyon ki tradui yo te poste sou [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) anvan reyinyon an kòmanse.

Mizajou Enpak Deklarasyon Sou Ekite Aplikasyon Plan Estratejik la

Madam Robinson te anonse li te repòte nan pwen yo pou pwochen reyinyon komite a k ap fèt 3 novanm akòz absans de manm ak yon twazyèm, Doktè Coleman, ki te dwe kite reyinyon anvan lè.

## SITASYON

Madam Robinson te prezante yon sitasyon nan non Komite lekòl la ak Siveyan an bay Delavern Stanislaus, k ap resevwa prim Henry L. Shattuck 2021 an nan Boston Municipal Research Bureau (BRMB). Prim sa a ran omaj pou sèvitè piblik ki montre entegrite, inisyativ, lidèchip, ak angajman pou byen piblik la. Prezidan BMRB a, Pam Kocher, Siveyan an ak manm Komite yo te felisite li. Madam Stanislaus te pwononse kèk mo rekonesan byen vit, li remèsye ekip li a ak fanmi li.

## APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

**Aprove** – Apre apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk, pwosè vèbal reyinyon an, 22 septanm 2021.

## RAPÒ SIVEYAN AN

*Fason li te prepare pou bay li.*

Mèsi, Madam Prezidan, e mèsi nou tout paske w la aswè a. Mwen espere ou te rete cho e sèk semèn sa a. Nou gen yon prezantasyon pwogram ki solid aswè a, kidonk mwen pral fè yon rapò ki pi kout posib. Mwen ta renmen prezante nou kèk dènye pwen enpòtan distri a epi mwen pral kòmanse ak yon mizajou sou dosye prezans lekòl la.

Li te tèlman bèl pou wè elèv nou yo tounen nan klas yo. Pandan reyinyon 22 septanm nou an, mwen te ba ou yon mizajou sou prezans nou yo, kounye a tout elèv nou yo tounen nan bilding lekòl nou yo, y ap aprann ansanm ak kamarad yo. Ba ble ki pi lejè nan [grafik](#) sa a montre mwayèn prezans jiska 20 septanm ak ba ble ki pi fonsè yo montre prezans mwayèn jiska 22 oktòb. Pandan mwa ki sot pase a, nou te wè ogmantasyon prezans nan prèske tout klas, eksepte nan K0 (matènèl), ki te rete apeprè menm jan. An jeneral, mwayèn prezans nou an te ogmante de 86% a 90%. Nou konstate mwayèn prezans pi ba nan klas siperyè yo, sa idantik avèk ane anvan yo. Ekip lekòl segondè nou yo e sitou sipèvizè prezans nou yo ap travay chak jou pou ogmante prezans elèv nou yo. Byenke nou pa wè yon prezans ki pafè, nou santi n ankouraje grasa prezans elèv nou te wè ane sa a, sitou apre pwoblèm nan aprantisaj an pèsòn nan, de ane lekòl anvan yo e jis konnya ki toujou diminye efè COVID yo.

Ann wè kèk evènman ki sot pase nan distri a... Semèn BPS STEM lan te fini Samdi ki sot pase a, 23 Oktòb, e li te tèlman emosyonan pou selebrasyon distri a te dedye a STEM, ki pèmèt elèv nou yo jwenn aksè ak opòtinite pou yo dekouvri monn STEM lan pandan y ap itilize l kòm yon levye chanjman nan kominote a. Semèn pase, elèv yo te patisipe nan yon defi konsepsyon ki gen tèm: gade ki jan yo ka amelyore sante nan Boston lè n sèvi avèk STEAM. Edikatè yo te ede elèv nou yo plonje nan Semèn STEM lan ak divès aktivite, defi ak pwojè nan objektif pou kreye yon pwodwi ki ta sèvi kòm solisyon pou youn nan pwoblèm ijans nan vil nou an. Soti nan fwa karyè ak panèl ansyen elèv yo, rive nan sesyon enfòmasyon ak sware jwèt an pèsòn, elèv nou yo te mennen Semèn STEM nan yon lòt nivo e li te bèl pou wè anpil vedèt lasyans, teknoloji, jeni ak matematik nou genyen nan klas nou yo. Nou menm te gen yon vizitè espesyal, Sekretè Edikasyon Massachusetts Jim Peysner, li te vizite Henderson Inclusion School pou wè kisa elèv yo te travay. Depatman STEM nou an te òganize tou, yon kantite evènman vityèl ak an pèsòn semèn ki sot pase a pou elèv yo ak fanmi yo gen aksè ak plis enfòmasyon ak resous sou edikasyon ak karyè STEM yo. Nou menm fè patenarya ak Bibliyotèk Piblik Boston pou òganize yon bèl evènman STEM Pop Up nan Codman Square Library. Anplis travay nan klas la, elèv yo ak fanmi yo te kapab fini yon semèn STEM emosyonan ak jounen fanmi BPS nan Franklin Park Zoo. Mwen vle bay yon kout rèl byen vit, epi remèsye tout edikatè ak anplwaye nou yo ki te travay di pou fè Semèn BPS STEM yon siksè inesplikab. Mèsi pou tout planifikasyon w ak devouman w pou asire elèv nou yo wè tèt yo nan STEM.

Vandredi 15 oktòb, mwen te rantre nan Depatman Pak ak Lwazi Vil Boston (City of Boston's Parks and Recreation department), ak moun ki renmen espò pou jèn Boston yo ak kominote san bi likratif pou yon seremoni inogirasyon nan konplèks atletik Madison Park-O'Bryant ki fenk renove. Teren atletik sa a gen ladan l yon nouvo teren foutbòl, teren atletism, bizbòl, ak softball, epi li pral benefisye pwogram atletik pou jèn ak lekòl ki sèvi ak li pou fè pratik ak jwe. Teren yo te jwenn sipò grasa yon pwojè renovasyon konplè \$1.75 milyon ki te kòmanse nan mwa Out 2020 epi ki te fèk fini nan mwa septanm sa a. Rebat konplèks la te finanse grasa Pwogram Amelyorasyon Kapital Vil Boston ak yon sibvansyon \$250,000 nan Pwogram Grassroots la Fondasyon NFL (NFL Foundation's Grassroots Program). Nou te gen plezi tou pou nou akeyi Prezidan ak PDG Robert Kraft New England Patriots nan seremoni inogirasyon an. Atletism ak lwazi deyò enpòtan anpil pou devlopman sosyal emosyonèl elèv nou yo, e konplèks sa a ki renove a bay non sèlman elèv BPS plis opòtinite, men tou, tout jèn Boston yo gen yon espas pou itilize epi rekonekte ak kamarad yo tou. Mwen menm ak tout BPS nou kontan anpil pou nouvo adisyon sa a epi nou apresye sipò ak defans kominote nou an ki fè sa vin yon reyalite pou jèn yo atravè vil Boston.

Mwa sa a te ranpli ak evènman festivite e mwen te kontan rantre nan East Boston Early Education Center pou seremoni inogirasyon nouvo espas lwazi yo a nan dat 7 oktòb. Mwen te rejwenn reprezantan Adrian Madaro ak Konseye Minisipal la Lydia Edwards pou koupe riban an. Konsepsyon ak finansman teren lwazi a te fèt, epi konstwi, se te rezilta efò tout kominote lekòl la. Ant BPS, paran yo, vil la e sitou elèv yo nan EBEEC, ansanm nou te kapab bay vizyon lavi aprann nou. Nouvo espas lwazi a gen ladan estrikti jwèt tou nèf, zòn pou elèv yo monte, yon salklas deyò, ansanm ak aparèy mizik. Nou selebre tou finisman de miray atizay etonan HarborArts Boston te kreye kòm yon pati nan seri mi lanmè yo (Sea Walls). Se te bèl bagay pou nou wè espas lakou rekreyasyon an te ranpli ak bèl koulè, mizik ak atis pou elèv nou yo ak timoun nou yo atravè katye East Boston lan pou yo pwofite. Chak kwen nan lakou rekreyasyon an te plen ak ti ri, jwe, grenpe ak lajwa toutotou yo. Nouvo lakou rekreyasyon sa a ofri elèv BPS yo yon lòt opòtinite pou yo ranfòse kreyativite, ladrès pou rezoud pwoblèm, ak eksprime pwòp tèt yo pandan y ap konekte ak kamarad yo, yon pati enpòtan nan tout etap devlopman. Mèsi tout moun ki te travay pou kreye bèl espas sa a pou timoun nou yo!

Mwen te vle pran yon ti moman tou pou m rann omaj bay de edikatè eksepsyonèl McDonald's te fèk rann omaj. Kevin Crowley ki se yon pwofesè nan Carter School, ak Kevin Tersilas ki se yon parapwofesyonèl nan Ellison Parks School McDonald's te onore nan dat 14 oktòb ak yon seremoni sipriz nan prezans kòlèg li yo ak fanmi. Kevin C. ak Kevin T., jan yo rele yo avèk afeksyon, te deja travay ansanm nan menm klas nan Carter la epi yo te vin zanmi ki trè pwòch. Pandan semèn ki sot pase an, nan mwa Oktòb, lè McDonald's t ap onore pwofesè nan tout peyi a, yo te pibliye yon tweet pou mande pou moun yo rann ekselan pwofesè yo omaj. Kevin Crowley te imedyatman fè yon twit pou Kevin Tersilas. Kevin Tersilas te imedyatman reponn pou l rann omaj a Kevin C., epi McDonald's te pran nòt. Tou de te resevwa flè, tikè pou yon jwèt Celtics, ak kat kado nan seremoni pou onore yo. Men, se pa tout, edikatè estrawòdinè sa yo te resevwa tou \$25,000 pou chak lekòl yo. Mèsi McDonald's! Nou fyè BPS de edikatè vedèt nou yo ak travay kontinyèl yo pou kreye eksperyans aprantisaj pozitif pou elèv nou yo.

Maten an, mwen te asiste seremoni EdVestors' "School on the Move", ansanm ak Prezidan Robinson, Manm Lopera, ak anpil lòt manm Ekip BPS. Twa finalis ane sa a se te "New Mission High School nan Hyde Park", "PJ Kennedy Elementary" ak "Otis Elementary", tou de nan Lès Boston. Mwen kontan anpil pou James Otis Elementary School (lekòl elemantè), ki te nonmen gayan prim \$100,000 byen bonè maten an. Felisitasyon pou Direktris Paula Cerqueira Goncalves ak tout kominote Otis Owls! Mwen te tèlman enpresyone devan lidèchip Paula, espesyalman gade aksyon pandan vizit mwen nan Otis. Sa a se yon onè byen merite, paske Paula te sèvi elèv ak fanmi BPS yo pandan 33 ane. Li te pase tout karyè BPS li nan Otis, li te kòmanse kòm pwofesè an 1988. Li te vin direktis lekòl la an 2010. Mwen dwe aplodi tou lidèchip san fay Will Thomas ak Kristen Goncalves ak kominote enkwayab lekòl yo. PJ Kennedy ak New Mission High School, chak te resevwa yon pri \$30,000 maten an tou. Sa se te twazyèm ane mwen te patisipe nan bèl evènman sa a, e se yon gwo opòtinite pou m mete aksan sou lekòl BPS ki demontre amelyorasyon rapid, pwogrè egzanplè ak siksè akademik. Mwen vle remèsye Marinell Rousmaniere ak tout ekip EdVestors paske yo te yon patnè estrawòdinè pou BPS, yo travay avèk nou nan anpil inisyativ amelyorasyon lekòl la ki gen ladan ekspansyon atizay, pakou CTE, ak anpil lòt bagay ankò. Mèsi paske w selebre siksè lekòl nou yo!

Finalman, mwen te vle pataje kèk gwo nouvèl nou sot resevwa pi bonè jodi a. Komisyon Konsèy Massachusetts School Building Authority (MSBA) te apwouve kat pwojè nan Pwogram Reparasyon Akselere pou BPS. Pwojè sa yo genyen ranplasman fenèt ak pòt nan de lekòl Roxbury: Boston Day and Evening Academy ak Hernandez K-8 School; ak ranplasman chofaj nan Henderson Upper School ak Russell Elementary nan Dorchester. Ekip mwen an pral fè plis mizajou sou Enstalasyon ak Planifikasyon Kapital nou yo pandan rapò BuildBPS la pita aswè a. Epi kounye a, mwen pral remèt li bay Chèf Roberts ki ka bay yon ti ajou sou aplikasyon kalandriye egzamen lekòl la.

Chèf Avansman Elèv, Fanmi ak Kominote Monica Roberts te prezante yon ti ajou sou pwosesis aplikasyon regleman egzamen lekòl la pou Ane Eskolè 2022-23. Pou admisyon nan youn nan twa egzamen lekòl vil la, elèv yo dwe enskri kounye a nan klas 6yèm, 8yèm, oswa 9yèm ane epi yo dwe rete nan vil Boston. Fanmi elèv ki pa enskri nan BPS kounye a dwe verifye rezidans yo nan vil Boston ant 25 oktòb ak 19 novanm 2021. Elèv BPS yo pa oblije verifye rezidans, epi yo pral kòmanse pwosesis aplikasyon an nan mwa janvye. Ou ka jwenn enfòmasyon sou nouvo regleman admisyon lekòl yo ak pwosesis aplikasyon an nan <https://www.bostonpublicschools.org/site/default.aspx?PageID=8809>. BPS ap prepare yon Sikilè Siveyan ki detaye regleman aplikasyon an.

---

Madam Roberts te konfime pou Madam Robinson, paj wèb admisyon egzamen lekòl la gen lyen ak Google translate epi tout dokiman yo tradui. Madam Robinson te mande yon mizajou sou pwogram lan (Syans, Teknoloji, Jeni ak Matematik (STEM). Siveyan an te di, Siveyan Adjwen Akademik Drew Echelson pral diskite sou pwogram lan an detay nan reyinyon Komite Lekòl la 3 novanm. Madam Robinson te felisite loreya pou pri " School on the Move 2021".

*Apwouve* – Nan apèl nominal, Komite a te apwouve rapò Siveyan an blòk.

## KÒMANTÈ JENERAL PIBLIK LA

- Jovanny Burgos, rezidan nan Dorchester, paran nan Quincy Elementary School, te mande pou yo kenbe pitit li nan yon klas akòz pandemi an.
- Ruby Reyes, rezidan Dorchester, direktè egzekitif Boston Education Justice Alliance, te pale konsènan BuildBPS.
- Morgan Keohane, rezidan Brockton, bibliyotèk pwofesè, P.A. Shaw School, te pale pou sipòte desizyon komite a pou apwouve Plan Estratejik Sèvis Bibliyotèk BPS la.
- Meredith Hamilton, rezidan West Roxbury, paran nan Grew Elementary School, te mande pou ajoute yon klas 6yèm nan lekòl la nan ane (SY) 2022-2023.
- Allison Cox, rezidan Jamaica Plain, paran nan Lekòl K-8 Mission Hill, te pale sou enkyetid konsènan dènye aksyon distri a nan lekòl la.
- Alan Tian, rezidan West Roxbury, paran BPS, te pale konsènan regleman admisyon nan egzamen lekòl yo.
- Bill Young, rezidan Roslindale, paran nan Sumner Elementary School, te pale pou mande ajoute yon klas 6yèm nan lekòl la pou ane lekòl (SY) 22-23.
- Sarah Barnat, rezidan East Boston, paran Lekòl Alighieri, te pale sou enkyetid konsènan itilizasyon pwèn bonis kòm yon pati nan regleman admisyon egzamen lekòl.
- Susan Bird, rezidan Roslindale, paran Grew Elementary School, te pale pou mande ajoute

yon klas 6yèm nan lekòl la pou ane lekòl (SY) 22-23.

- Avery Saulnier de Reyes, rezidan Roxbury, paran nan Lekòl K-8 Mission Hill, te pale sou enkyetid konsènan dènye aksyon distri a nan lekòl la.
- Daryl Best, rezidan Dorchester, paran nan Grew Elementary School, te pale pou mande ajoute yon klas 6yèm nan lekòl la pou SY 22-23 (ane lekòl).
- Stuart Wang, rezidan e paran West Roxbury, te pale sou enkyetid konsènan itilizasyon pwèn bonis kòm yon pati nan regleman admisyon egzamen lekòl la.
- Andrew Iliff, rezidan Jamaica Plain, Mission Hill K-8 School ak Boston Latin Academy, te pale sou enkyetid konsènan dènye aksyon distri a nan lekòl la.
- Ariana Sicairos-McCarthy, rezidan Roslindale, paran nan Grew Elementary School, te pale pou mande ajoute yon klas 6yèm nan lekòl la pou SY (ane lekòl) 22-23.
- Rachel Young, paran Roslindale, paran nan Sumner Elementary School, te pale pou mande ajoute yon klas 6yèm ane nan lekòl la pou SY (ane lekòl) 22-23.
- Katie Markiewicz, paran elèv nan Roslindale, ak Sumner Elementary School, te pale pou mande ajoute yon klas 6yèm ane nan lekòl la pou SY (ane lekòl) 22-23.
- Erica Kouka, rezidan West Roxbury, pwofesè Holmes Elementary School, te pale pou sipòte etid etnik yo.
- Bill Barrar, rezidan West Roxbury, paran Lekòl Elemantè Sumner, te pale pou l mande ajoute yon klas 6yèm ane nan lekòl la pou SY (ane lekòl) 22-23.
- Margaux Leonard, rezidan Roslindale, paran Sumner Elementary School, te pale pou l mande ajoute yon klas 6yèm ane nan lekòl la pou SY (ane lekòl) 22-23.
- Mike Ritter, rezidan Dorchester, paran nan Lee Academy Pilot School, te pale konsènan nesite pou enstale HVAC nan chak lekòl BPS.
- Stephanie Galeota, paran elèv nan Roslindale, ak nan Sumner Elementary School, te pale pou mande ajoute yon klas 6yèm ane nan lekòl la pou SY (ane lekòl) 22-23.
- Elizabeth Ferrenz, paran elèv nan Roslindale, ak Sumner Elementary School, te pale pou l mande ajoute yon klas 6yèm ane nan lekòl la pou (ane lekòl) 22-23.
- Anne-Marie Vaduva, rezidan Jamaica Plain, paran nan Mission Hill K-8 School, te pale konsènan sèvis edikasyon espesyal pitit li a.
- Sandra Lavalley, rezidan Back Bay, paran nan Eliot K-8 School, te pale konsènan regleman admisyon pou egzamen lekòl.
- Carolyn Shadid Lewis, rezidan Jamaica Plain, paran nan Mission Hill K-8 School, te pale sou enkyetid konsènan dènye aksyon distri a nan lekòl la.
- Brian Clougherty, rezidan West Roxbury, Lyndon K-8 School, te pale sou enkyetid konsènan itilizasyon pwèn bonis kòm yon pati nan regleman admisyon egzamen lekòl la.
- Diana Ainsley Paul, rezidan West Roxbury, ak paran nan Sumner Elementary School, te pale pou l mande ajoute yon klas 6yèm ane nan lekòl la pou SY (ane lekòl) 22-23.
- Allison Friedmann, rezidan Roslindale, paran nan Sumner Elementary School, te pale pou l mande ajoute yon klas 6yèm ane nan lekòl la pou SY (ane lekòl) 22-23.
- Mike Heichman, rezidan Dorchester, manm nan Boston Education Justice Alliance, te pale konsènan admisyon nan egzamen lekòl yo ak repatisyon elèv yo.

## RAPÒ

**Mizajou konstriksyon BPS** - Nate Kuder, Direktè Finansye a, ak Monica Roberts, Chèf Pwomosyon Elèv yo, Fanmi ak Kominote, te prezante yon renovasyon BuildBPS, plan direktè edikasyon ak enstalasyon distri a pou 10 ane. BuildBPS apiye analiz ekite ak angajman kontinyèl pou moun ki gen enterè yo.

Konstriksyon BPS vize

- Modènize lekòl yo pou bay plis espas ki fasilite aprantisaj 21yèm syèk la
- Antre nan konstriksyon nouvo bilding lekòl yo, agrandi plas nan klas yo nan zòn ki nan vil la kote gen plis bezwen.
- Minimize tranzisyon lekòl pou elèv yo, kote y ap adopte yo ak de chanjman nan nivo klas yo pi pito: K-6/7-12 ak K-8/9-12.
- Asire gen plis ekite nan plasman pwogram nan pou satisfè bezwen elèv k ap aprann anglè, elèv ki gen andikap, ak lòt moun nan popilasyon an.

An 2019, Komite a te adopte yon estrateji chanjman nan klas la kote Lekòl Piblik Boston yo te vin sitou yon sistèm K-6/7-12 ak K-8/9-12, kote yo ofri elèv BPS eksperyans edikasyonèl ki mande mwens chanjman pou pifò elèv, pandan yo toujou ofri chwa sou plizyè opsyon.

Fèmte lekòl presegondè yo toujou rete yon faktè ki nesèsè nan pakou K-6 ki disponib pou ane lekòl 2022-2023. Poutèt sa, Siveyan an ap mande komite a apwobasyon aksyon sa yo:

- Fèmen lekòl Jackson nan fen ane lekòl 2021-2022
- Fèmen lekòl Washington Irving Middle nan fen ane lekòl 2021-22 a
- Fèmen Lekòl James P Timilty Middle nan fen ane lekòl 2021-22 a

Nan kòmansman mwa janvyè 2022 oswa anvan sa, elèv yo pral antre nan pwosesis chwa lekòl la pou Otòn 2022 a. Elèv 8yèm ane yo pral pase a yon lekòl BPS k ap sèvi klas 9yèm ane nan otòn 2022. Chwa 9yèm ane lekòl la ap kòmanse an janvyè 2022. Elèv ki kalifye yo pral resevwa priyorite nan pwosesis devwa elèv yo pou nouvo lekòl yo nan mwa septanm 2022. Kounye a, pou elèv ki nan klas K1, 5yèm ak 6yèm ane yo, pwosesis chwa a ap kòmanse nan mwa janvyè 2022. Kounye a, pou elèv ki nan klas K2, 1, 2, 3, 4 oswa 7, pwosesis chwa a ap kòmanse nan mwa fevriye 2022.

Distri a ap finalize anbochaj kowòdonatè tranzisyon nan lekòl yo ki gen wòl pou sipòte elèv ak fanmi yo pandan tranzisyon an. Biwo Sèvis Akèy la pral òganize biwo Satelit (Sant Pop-up) pou sipòte fanmi yo epi travay avèk fanmiy ki lye yo pou enfòmè fanmi yo sou vitrin lekòl la ak lè pou vizyalize lekòl la. Tout fanmi yo pral resevwa fòmilè chwa kontinyèl pou sipòte fanmi yo ak pwosesis transfè ak enskripsyon an.

Biwo Pwogram Rekritman, Kilti, ak Divèsite ap bay pwofesè ki afekte yo sipò anplwaye ki gen gwo priyorite.

Jan yo te anonse sa nan dat 12 me 2021, konstriksyon BPS la vize pou l etabli twa nouvo bilding nan lekòl K-6:

1. Dorchester PK-6 (nouvo sit lekòl la nesèsè)
2. Roxbury PK-6 (nouvo sit lekòl la nesèsè)
3. Allston-Brighton PK-6 (Itilize chantye bilding Jackson-Mann lan ankò atravè pwosesis aplikasyon pou pwojè MSBA)

Menmsi nouvo batiman sa yo ka sèvi pou yon solisyon alontèm, BPS pa prevwa nouvo batiman sa yo ap kòmanse seleksyon sit ak lekòl jiska 2026, sa ki fè solisyon sa mwens favorab pou lekòl ki bezwen kapasite ekspansyon an ijans.

Lekòl sa yo pral konvèti an K-6 nan ane lekòl 22-23: Mozart, Philbrick, Bates, \* Chittick, \* Grew, Ellis, Holmes. John F. Kennedy, Taylor, Winship, ak Winthrop.

*\*Egzije sal klas modilè*

Akòz limit espas fizik ki genyen, lekòl Blackstone, Mendell ak Sumner pa kapab ajoute klas 6yèm ane pou ane lekòl 22-23 a. BPS ap chèche de opsyon pou ane lekòl 22-23: 1) ofri yon pakou garanti nan yon lòt lekòl; 2) Bay fanmi yo yon priyorite pandan tiraj lotri devwa elèv yo. Ekip distri a pral fè reyinyon ak direktè lekòl yo ak kominote yo pou detèmine ki opsyon fanmi yo prefere anvan yo prezante yon rekòmandasyon final nan mwa desanm. BPS ap kontinye travay pou l jwenn solisyon klas 6yèm ane pou ane lekòl 23-24 e pou pi devan.

Akoz fèmtily Timilty ak Irving, gen yon bezwen pou ajoute plis plas nan 7yèm ak 8yèm ane. Pou pwochen ane lekòl, Otòn 2022, BPS pral ajoute klas 7yèm ak 8yèm ane nan Lekòl Segondè Anglè(English High School) pou bay elèv yo yon chemen klè pandan y ap minimize dezòd lòt kominote lekòl yo. English High School la se sèl lekòl segondè ki gen pwogram Defisyans Emosyonèl - Entènalizasyon ki gen espas fizik pou elaji ane lekòl 22-23 a.

Pou detèmine pwochen agrandisman lekòl 7yèm-12yèm ane yo epi pou konprann enpak agrandisman sa yo sou lekòl K-8, BPS pral angaje ak kominote a selon sitiyasyon lekòl la:

- Reyinyon kominotè endividyèl ak lekòl 9yèm-12yèm ane ki gen espas: Brighton, Burke, CASH, Angle, Excel
- Reyinyon kominotè ansanm ak lekòl yo òganize nan kategori (4 reyinyon kominotè ki separe):
  - K-8
  - Middle Schools (lekòl fondamantal)
  - Lekòl ki pa gen egzamen 6/7-12
  - Lekòl 9yèm-12yèm ane ki san espas pou agrandi

BPS pral angaje ak kominote lekòl endividyèl yo pou konvèti kèk K-8s a K-6s yon fason pou ranfòse pwogram pou edikasyon espesyal ak elèv k ap aprann Anglè yo, ogmante espas atizay, mizik, terapeetik ak lòt espas sipò, epi ranpli angajman distri a pou K1 inivèsèl epi elaji aksè nan bon jan kalite pwogram timoun nou yo.

Espas ki balanse yon fason ki tanporè pou ane lekòl 21-22 a:



- Lekòl Carter
  - Lekòl la pral pase a lekòl Frederick Middle nan ane lekòl 22-23 pandan konstriksyon lekòl la ap fini. Travay konsepsyon an prèske fini.
- Akademi EMK
  - Kounye a, kominote lekòl la sitiye nan lekòl Endicott jiska jen 2022. BPS te siyen yon lèt ak entansyon pou deplase lekòl la nan ane lekòl 22-23 nan 384 Warren Street. Yo pral siyen yon kontra lokasyon nan semèn k ap vini yo
- Horace Mann
  - Kominote lekòl la pral deplase tanporèman nan lekòl Edwards pou ane lekòl 2023-24 pandan BPS ap travay pou soumèt lekòl HM lan pou pwochen pwopozisyon MSBA.

Siveyan an te remake te gen yon erè nan mizajou tipografik foto 32 ki nan PowerPoint konstriksyon BPS la, epi li te klarifye Lekòl Horace Mann pou Moun ki Soud ak Moun ki gen Andikap Oditif yo pral deplase tanporèman nan Lekòl Edwards nan ane lekòl 2023-24. Mesye Kuder te di li t ap korije erè tipografik la.

Madam Polanco Garcia eksprime enkyetid li sou lekòl Blackstone, Mendell ak Sumner lefètke yo pap ofri klas 6yèm ane pou ane pwochèn. Li te note demografik lekòl sa yo e li te eksprime enkyetid li konsènan ekite. Li te eksprime enkyetid li tou konsènan enpak plizyè chanjman sou elèv ak fanmi yo.

Mesye Kuder te pale de efò distri a ap fè pou l diminye pwoblèm fanmi yo epi sipòte fanmi yo atravè pwosesis chwa lekòl la. Li te di, rekòmandasyon pou fèmen lekòl presegondè yo baze sou kalite eksperyans nan lekòl presegondè yo ; men se pa sou finansman yo. Li te di kominote lekòl yo pa ofri yon klas sizyèm ane pou ane pwochèn men gen opsyon pou kreye yon nouvo modèl alimantasyon oswa resevwa priyorite nan pwosesis repatisyon lekòl la.

Madam Lopera te pale sou eksperyans pèsònèl li sou chanjman nan diferan lekòl pou ane lekòl presegondè yo. Li te eksprime enkyetid li sou opsyon ki dekri nan prezantasyon an kote pa genyen yon analiz de kalite pou òf akademik yo. Li mande ki jan BPS ap entegre kalite akademik nan pwosesis repatisyon an.

Mesye Kuder te di distri a ap fonksyone si tout lekòl primè yo ta benefisye e si ta gen yon klas sizyèm ane. Li te pale de espas ki disponib kòm yon faktè nan ekspansyon lekòl segondè. Li te eksprime sa li panse sou elèv k ap deplase soti nan lekòl mwayen otonòm kote yo pral gen yon eksperyans ki pi anrichisan akademikman ak edikasyon nan lekòl 7yèm-12yèm ane. Siveyan an te dakò, li di tou lekòl 7yèm-12yèm ane yo pral gen plis opòtinite pou atizay ak atletism.

Madam Lopera te pale sou dènye vizit li te fè nan East Boston High School, ki ap elaji nan klas 7yèm-12yèm ane. Li te mande pou konnen ki jan distri a ap sipòte lekòl yo ak agrandisman klas yo. Siveyan an ak Mesye Kuder te pale sou enstalasyon yo ak planifikasyon akademik ak sipò devlopman pwofesyonèl distri a ofri.

Mesye Tran eksprime sipò pou plan an jan yo prezante l la. Li te fè referans ak kesyon yo te poze pandan kòmantè piblik la, li te mande eklèsisman sou pwomès direktè distri a petèt te fè konsènan ajoute yon klas sizyèm ane nan lekòl primè Roslindale. Siveyan an te di li te mande ekip li a pou l revize nòt nan sesyon ekout kominotè li te fè an 2019, e li te fè konnen tou sa pa tap soti nan li menm pou li fè yon pwomès konsa byen bonè antanke yon siveyan.

Madam Mercer te mande eklèsisman yo genyen pou pi devan pou bilding lekòl Timilty, Irving, ak Jackson Mann J-8. Mesye Kuder te di, yo pral modènize 3 bilding yo epi y ap itilize yo pou pwochen lekòl BPS yo.

Madam Mercer te poze kesyon konsènan enpak aktivite ki pa nan pwogram yo. Mesye Kuder te di elèv k ap deplase soti nan lekòl mwayen otonòm yo pral gen yon eksperyans ki pi anrichisan akademikman ak edikasyon nan klas 7yèm-12yèm ane yo.

Madam Robinson te pale sou enpòtans pou gen yon plan etablisman konplè alontèm. Siveyan an te dakò, li te fè konnen tou yon plan konsa pral mande yon gwo angajman finansman, volonte politik, ak sipò nan men Vil Boston. Madam Robinson te pale sou enpòtans transparans genyen.

Madam Polanco Garcia te pale sou responsablite distri a pou sipòte fanmi yo.

Madam Lopera poze kesyon sou angajman distri a ak kominote Latinx la. Siveyan an te di reyinyon kominotè ki baze nan lekòl yo e ki gen entèprèt yo te fèt atravè Zoom, aprè sa yo voye lèt bay fanmi yo. Madam Lopera mande si fanmi Timilty ak Irving yo byen konprann pwopozisyon yo. Siveyan an te pale avèk fanmi yo sou sansibilizasyon distri a.

Madam Robinson poze kesyon konsènan enpak ki ka genyen lefètke yo pwopoze pou fèmèn lekòl sou pwofesè yo. Siveyan an te di BPS pran angajman pou ede pwofesè ki deplase yo jwenn yon lòt pozisyon.

Mesye Kuder te klarifye pou Madam Robinson kote Warren Street ta youn nan de kanpis pou Edward M. Academy for Health Careers. Madam Robinson pale konsènan enpak sou sa k ap deplase kowòt edikasyon espesyal ak elèv ELL yo. Mesye Kuder te di, plasman edikasyon espesyal yo fè pati pwosesis Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP). Li te pale sou fason distri a sipòte fanmi yo pou yo fè pi bon chwa pou elèv yo.

Madam Robinson te poze kesyon sou plan pou sant aprantisaj debaz. Siveyan an te di BPS ap chèche ogmante opòtinite K0 ak K1 nan lekòl primè, li site rechèch sou enpòtans aprantisaj debaz. Siveyan an te envite manm komite yo patisipe nan reyinyon kominotè lekòl yo ak lekòl Blackstone, Mendell ak Sumner. Mesye Kuder te di yo pral tradwi nenpòt repons distri a pou kesyon komite a poze epi yo pral disponib piblikman sou sitwèb BPS la. Komite a pwograme pou vote sou rekòmandasyon fèmten lekòl yo nan dat 17 novanm 2021.

***Mizajou Aplikasyon Plan Estratejik*** - Ofisye anchèf Ekite ak Estrateji Charles Grandson te prezante yon mizajou sou Plan Estratejik 2020-2025 Siveyan an. Plan Estratejik BPS la, ki te adopte e apwouve grasa komite a nan mwa avril 2020, se plan senkan distri a pou bay bon jan kalite edikasyon ki ekitab pou chak elèv nan chak klas, nan chak lekòl BPS. Se Siveyan an, Ekip Egzekitif la ak chèf departman ki dirije aplikasyon an.

Direktè sa yo yon jan reprezante elèv BPS ak fanmi yo epi sa gen ladan moun ak eksperyans ansanm ak elèv k ap aprann anglè ak Edikasyon Espesyal. Pou asire siksè plan an, distri a pran angajman pou l kontwole pwogrè li anranpò ak objektif yo nan chak domèn ki nan sis angajman li yo. Doktè Grandson te bay yon mizajou sou premye ane aplikasyon plan an (SY20-21) ak pwogrè BPS te fè nan chak angajman li yo, ansanm ak yon revizyon tou kout sou pwosesis planifikasyon jiska dat ak yon plan pou pwochen etap yo. Yo pral pibliye rapò Anyèl Plan Estratejik la konplè pou ane lekòl 20-21 an, an janvyè 2022.

Madam Polanco Garcia te pale sou enpòtans pou entegre vwa paran yo nan pwosesis pou distri a pran desizyon. Li te fè konnen li enpòtan pou BPS bay sèvis entèpretasyon nan reyinyon lekòl yo. Siveyan an dakò, li fè konnen BPS itilize zouti lojisyèl pou l ogmante kominikasyon l ak fanmi ki pa pale anglè. Li te felisite ansyen Prezidan Komite Lekòl la, Alexandra Oliver-Dávila, paske li te ogmante aksè lang nan reyinyon Komite yo.

Madam Robinson te poze kesyon sou ekspansyon Ekselans pou Tout moun (EFA) nan transfòmasyon lekòl yo. Doktè Grandson te klarifye modèl antrenè a te ogmante transfòmasyon lekòl yo. Distri a pral prezante plis detay sou EFA lè Siveyan an prezante Vizyon Akademik li a bay Komite a nan dat 3 novanm. Madam Robinson poze kesyon sou leson yo aprann pandan pandemi an. Siveyan an te di li menm ak ekip li a te aprann leson enpòtan sou enpòtans pou jwenn aksè nan lang ak teknoloji. Li te di elèv k ap aprann anglè yo ap lite epi yo bezwen sipò. Li te pale sou benefis ki genyen pou distri a kont rasis.

## KÒMANTÈ PIBLIK SOU RAPÒ YO

Pa genyen.

## NOUVO BIZNIS

Pa genyen.

## REPÒTE

Apre 10 :23 p.m., Komite a te vote ansanm, atravè apèl, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan  
Sekretè Egzekitif